

Pèmisyon pou patisipe nan rechèch *Consent to Participate in Research*

Y ap mande pou w patisipe nan yon etid (rechèch). Avan w bay pèmisyon w, envestigatè a dwe esplike:

- (i) pou ki rezon rechèch la ap fèt, kòman y ap fè li, epi pou konbyen tan l ap dire;
- (ii) pwosedi yo poko fin teste, si genyen;
- (iii) risk, nwizans, ak benefis yo kapab prevwa pou w jwenn nan rechèch la, si genyen;
- (iv) lòt pwosedi oubyen tretman ki ta kapab benefisyè ou, si genyen; epi
- (v) kòman yo pral kenbe enfòmasyon w sekre.

Lè l nesèsè, envestigatè a dwe tou esplike:

- (i) konpansasyon oubyen tretman medikal ki kapab disponib si w donmaje;
- (ii) posibilite ki egziste pou risk yo pa ka prevwa;
- (iii) nan ki sikonstans envestigatè a kapab sispann patisipasyon w;
- (iv) depans an plis pou w sipòte, si genyen;
- (v) kisa k ap rive si w deside sispann patisipasyon w;
- (vi) kilè y ap fè w konnen si gen enfòmasyon nouvo ki kapab fè w chanje lide sou keksyon patisipasyon w; epi
- (vii) konbyen moun k ap patisipe nan etid la.

Si w dakò pou patisipe, yo dwe ba w yon kopi siyen dokiman sa a avèk yon rezime rechèch la.

Ou gen dwa kontakte _____ a _____ nenpòt lè w gen keksyon sou
write in contact name write in phone number for questions about research
rechèch la.

Ou gen dwa kontakte _____ a _____ si w gen keksyon sou dwa w kòm
write in contact name write in phone number for questions about your rights or in case of injury

patisipan nan rechèch, oubyen kisa pou fè si w donmaje.

Patisipasyon w nan rechèch sa a se sou volonte w. Yo pa ka pini w ni fè w pèdi benefis si w refize patisipe ni si w deside sispann patisipasyon w.

Lè w siyen dokiman sa a, sa vle di yo te ba w esplikasyon etid (rechèch) la, ansanm ak enfòmasyon anlè a, epi w dakò pou patisipe.

siyati patisipan / *signature of participant*

dat / *date*

siyati temwen / *signature of witness*

dat / *date*